

DEKLARASYON DWA

Pou Rezidan
Mezon Retrèt Yo

Rezidan mezon retrèt yo pa dwe viktim privasyon okenn dwa, avantaj oswa privilèj lalwa, konstitisyon Eta Florida a oswa Konstitisyon Etazini an garanti. (Seksyon 400.022, Lwa Florida yo)

REZIDAN YO GEN DWA:

- Pou yo trete yo ak koutwazi, ekite, epi avèk tout diyite ki posib;
- Pou yo voye epi resevwa kourye libe libè, gen aksè ak yon telefòn, epi resevwa vizitè pandan lè vizit yo;
- Pou yo itilize rad ak posesyon pèsònèl yo nan mezi espas la pèmèt sa;
- Pou yo patisipe nan aktivite sosyal, relijye, ak kominotè;
- Pou yo òganize epi patisipe nan konsèy pou rezidan ak fanmi yo;
- Jere pwòp afè finansyè yo epi pou yo enfòm yo konsènan pri sèvis yo;
- Pou yo resevwa swen sante ki adekwa ak apwopriye;
- Pou yo chwazi pwòp doktè ak famasi yo;
- Pou yo enfòm yo konsènan pwoblèm medikal ak trètman yo;
- Pou yo pran yon desizyon eklere pou refize yon trètman;
- Pou yo respekte vi prive yo nan moman y ap resevwa trètman yo ak nan moman y ap satisfè bezwen pèsònèl yo;
- Pou yo pa viktim okenn abi, chatiman kòporèl, ak izòlman envolontè pwolonje;
- Pou yo pa viktim kontrent fizik ni pou yo pa fòse pran pwodui chimik ki netralize yo, eksepte sa yon doktè preskri yo;
- Pou prezante doleyans epi rekòmande chanjman nan politik ak sèvis yo san yo pa pè pou pa gen reprezay;
- Pou yo gen aksè ak medyatè epi defansè; epi
- Pou yo resevwa yon avi alekri 30 jou anvan yon relokalizasyon an oswa rezilyasyon rezidans lan, ak yon opòtinite pou yo konteste yon avi konsa.



FLORIDA
OMBUDSMAN PROGRAM

ADVOCATING FOR QUALITY LONG-TERM CARE

1-888-831-0404

Sèvis yo gratis ak konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite
ombudsman.elderaffairs.org